



# PWOGRAM ÈD IJANS POU LOKAKÈ

nan Komin Oranj

**Pwogram Asistans pou Ijans** Lwaye se yon pwogram ki baze sou revni pou ede lokatè ki pi vilnerab yo nan Komin Oranj ki dwe lajan lwaye akòz sitiyoasyon difisil pandemi Covid-19. Pwogram nan pral distribye \$33.4 milyon dola nan fon federal pou ede moun nan Komin Oranj ki kalifye.

## Kondisyon kalifikasyon yon lokatè:

Pwogram sa a disponib pou lokatè ki ranpli tout kritè ak kondisyon sa yo:

- Yo anreta nan pèman lwaye pou omwen yon mwa.
- Yo satisfè kondisyon rezidans ak lokalite pwogram nan mande a.
- Revni moun ki nan kay la pa depase 80 pousan revni mwayèn reyon an (gade "Kondisyon revni").
- Akòz COVID-19, lokatè a, oswa yon granmoun nan kay la, te kalifye pou asistans chomaj, te gen yon rediksyon nan revni kay la, gwo depans ki pa ranbouse, oswa ap eksperimente difikilte finansyè akòz COVID-19.
- Yap eksperimente enstabilite lojman.
- Taks lweyaj tranzisyonèl la, ke yo rekonèt tou kòm "taks otèl," pa aplike nan akò lweyaj lokatè yo fè ak mèt kay la.
- Dakò pou konfòme avèk kondisyon pwogram sa a, tankou soumèt tout dokiman ke Komin nan mande pou konfime ak verifye nan aplikasyon pwogram nan.

## Dokiman yo reklame nan men lokatè yo :

Nan kad demand yo a, lokatè yo dwe bay :

- Yon kopi fomilè deklarasyon revni 1040 pou chak granmoun ki nan kay la jan li depoze nan IRS pou lane 2020 an; OUBYEN yon fòm kèlkonk dokiman verifyab ki retrase de dènye mwa revni chak granmoun nan kay la (releve pèman, souch chèk, lajan chomaj ak kopi sekirite sosyal ak latriye)
- Yon kontra lweyaj ak mèt kay la ki byen egzekite, ak yon kontra ki montre ke se yo ki siyen kontra lwaye a (konplè oswa an pati) pou ka fè pèman bay mèt kay la pou pwopriete rezidansyèl ki an kesyon an.
- Nimewo Sosyal Sekirite yo.
- Avi pèman an reta a oswa avi degèpisman ke yo resevwa nan men mèt kay la;
- Yon pyès idantite foto valab ke gouvènman bay pou chak granmoun ki nan kay la.
- Prè ki dokimante enpak dirèk COVID-19 ki envolontèman lakoz yon pèt revni COVID-19 yon granmoun nan kay la te sibi, osi byen ke tout dokiman adisyonèl yo ta ka mande pou detemine oswa konfime kalifikasyon.



**Visit [ocfl.net/RentalAssistance](https://ocfl.net/RentalAssistance)**  
or scan the code with your smartphone for program information  
and to check your address.





# PWOGRAM ÈD IJANS POU LOKAKÈ

nan Komin Oranj

## Kritè Kalifikasyon pou Mèt Kay la:

Pou ou ka kalifye pou pèman anba pwogram sa a, mèt kay yo dwe satisfè kritè sa yo:

- Yo dwe genyen lokatè ki kalifye (gade seksyon "Elizibilite Lokatè a").
- Yo dwe dakò pou:
  - Renonse ak tout frè reta, penalite ak enterè ki gen rapò ak dèt lwaye lokatè a genyen; EPI
  - Aksepte pèman lajan dapre jan li apwouve nan pwogram sa a okonplè san manke jan sa a ye nan kontra lokatè a te siyen a ak tout dèt epi lòt frè ki mache ak dèt lokatè a.
- Yo dwe aksepte bagay sa yo, depi yo aksepte pèman ki an rapò ak pwogram nan,
  - Retire sou do lokatè a tout obligasyon pou peye nenpòt dèt lwaye oubyen nenpòt lòt montan adisyonèl ki ta depase montan pèman pwogram nan; EPI
  - Retire tout aksyon degèpisman ak aksyon koleksyon swa yo menm, oubyen yonn ajan yo oswa asosye yo te ranpli kont lokatè a paske l pat peye lwaye a ak tout lòt frè adisyonèl ke l ta dwe.
- Yo dwe dakò pou yo konfòme avèk kondisyon pwogram sa a, tankou soumèt tout dokiman ke Komin nan mande pou konfime ak verifye aplikasyon pwogram nan.

## Dokiman yo egzije nan men Mèt Kay la :

Nan kad aplikasyon yo a, yo pral mande mèt kay yo pou yo bay pyès sa yo:

- W-9 oswa dokiman IRS ekivalan;
- Estati /istwa lwaye lokatè ki kalifye a ki endike kantite lajan total lwaye ki akimile oubyen ke l dwe mèt la nan moman aplikasyon an.
- Tout dokiman adisyonèl ke Komin nan mande pou detemine oswa konfime kalifikasyon.

## Kondisyon nan koze Rezidans ak Lokalite:

Lokatè ki kalifye yo dwe aplike pou kouvri dèt lwaye pou yon kay ke yo lwe ki se:

- Rezidans prensipal yo; EPI
- Ki lokalize nan Komin Oranj, Florida\*

*\* Eksepsyon Vil Orlando: Pwiske vil Orlando resevwa pwòp fon asistans li pou ijans lwaye nan men gouvènman federal, lokatè ke kay yo lokalize nan limit vil Orlando yo pa kalifye.*



**Visit [ocfl.net/RentalAssistance](https://ocfl.net/RentalAssistance)**  
or scan the code with your smartphone for program information  
and to check your address.

